# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–24 सितम्बर 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अध्यक्षता में भइल केन्द्रीय मंत्रिमण्डल के बइठकी में आजु देस भर के मेडिकल कॉलेजन, स्नातकोत्तर संस्थानन अउर सरकारी अस्पतालन के सुदृढ़ीकरण अउर उन्नयन बदे केन्द्र प्रायोजित योजना के तिसरका चरण के मंजूरी दीहल गइल हउवे। एहमें गुणवत्तापूर्ण चिकित्सा शिक्षा बदे पांच हजार तेइस एमबीबीएस क सीटि बढ़ावल जाई। येह कदम से स्नातक अउर स्नातकोत्तर चिकित्सा क्षमता में बढ़ोत्तरी होई, जवने से सरकारी संस्थानन में नया क्षेत्र में चिकित्सा बिसेसज्ञता सेवा सुरू कइले में मददि मिली। एहसे देस में डॉक्टरन क संख्या बढ़ी, ओहीं एगो अउरियो फैसिला में कैबिनेट दस लाख एक्यानबे हजार से जियादे रेल करमचारियन के अठहत्तर दिन क प्रोडक्टिविटी–लिंक्ड बोनस दीहले क मंजूरी दिहलस।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहने ग्रेटर नोएडा के इण्डिया एक्सपो मार्ट के यूपी इंटरनेशनल ट्रेड शो के तिसरका संस्करण क सुभारम्भ करिहें। पचीस से ओन्तीस सितम्बर ले होखे वाले यूपी इंटरनेशनल ट्रेड–शो दुइ हजार पचीस में प्रदेस क औद्योगिक कृषि, सांस्कृतिक अउर नवाचार क्षमता क भव्य प्रदर्सन होई।

येह बारे में आजु पत्रकार लोगिन से बतियावत कैबिनेट मंत्री नंद गोपाल नंदी कहलें कि ट्रेड शो में दस लाख से जियादे लोगिन के अइले क ओम्मेद बाटे। पछिला आठ सालि में डबल इंजन क सरकार समय से, अनुकूल नीति अउर स्टेक होल्डर के साथे उनके हितन क रक्षा अउर एक्सपो के नया ऊंचाई अउर आयाम देहलसि। आठ सालि में उत्तर प्रदेस में निर्यात में दुगुना से जियादे बढ़ोत्तरी भइल हउवे।

**********

उत्तर प्रदेश पुलिस राज्य के सज्जो पुलिस थान्हन में मिशन शक्ति केन्द्र स्थापित करे बदे पुरहर दिसा–निरदेस जारी कइले हवे। ई पहल राज्य सरकार के प्रमुख मिशन शक्ति अभियान क हिस्सा हउवे, जवने क उद्देस्य महिला लोगिन क सुरक्षा, सम्मान अउर आत्मनिर्भरता के मजबूत कइल हउवे। डीजीपी राजीव कृष्ण की ओरि से जारी निरदेसन के मोताबिक मिशन शक्ति केन्द्र मिनी पुलिस चौकी के तरियन काम करिहें जवन खास तौर से महिला लोगिन के खिलाफ अपराध से जुड़ल मामिलन के सम्हारे बदे समरपित होई। ओहर जौनपुर में आजु मिशन शक्ति अभियान के जरिये महिला सुरक्षा दल की ओरि से कई गो स्कूल, कॉलेज अउर बजारिनि में चौपाल लगा के महिला लोगिन के उनके अधिकार के प्रति जागरूक कइल गइल।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अगिला पीढ़ी के जीएसटी सुधार के बादे लखनऊ के हजरतगंज बजारि में ब्यौपारियन अउर गंहकिनि से भेंटि कइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री जीएसटी रिफार्म से जुड़ल परचार क समान अउर बैनर बंटले के सथहीं दोकानदारन अउर गंहकिनि से बातोचीत कइलें। मुख्यमंत्री कहलें कि जीएसटी रिफार्म भारतीय अर्थव्यवस्था बदे बहुते जरूरी रहे अउर हर तबका क लोगि एहकर स्वागत कइ रहल हउवें।

**********

वस्तु अउर सेवा कर–जीएसटी में लागू कइल गइल अगिला पीढ़ी क सुधार देस में अप्रत्यक्ष कर प्रणाली के सरल बनवले के दिसा में महत्वपूर्ण कदम हउवे। नया ढांचा में चारि स्तर के संरचना के सरल बना के अब पांच फीसदी अउर अठारह फीसदी क दुइ स्तरीय संरचना में बदलि दीहल गइल हवे। एगो रिपोर्ट–

**अगली पीढ़ी के जीएसटी सुधारों के तहत, सरकार ने आम आदमी की जेब खर्च को कम करने के लिए खाद्य उत्पादों पर महत्वपूर्ण कर कटौती की है। मध्यम और निम्न–मध्यम वर्ग के परिवारों को प्रत्यक्ष बचत प्रदान करने के लिए, सरकार ने तैयार और संरक्षित सब्जियों पर कर की दर को 12 प्रतिशत से घटाकर 5 प्रतिशत कर दिया है। इसी प्रकार, प्रसंस्कृत फल उत्पादों पर भी जीएसटी की दर घटाकर 5 प्रतिशत कर दिया है। इस कदम का उद्देश्य खाद्य प्रसंस्करण क्षेत्र को बढ़ावा देना, निर्यात को बढ़ावा देना और लागत कम करके किसानों और उपभोक्ताओं को लाभान्वित करना है। रोहन के साथ आदित्य प्रताप सिंह, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।**

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुआई में सेवा अउर सुसासन के मंत्र से प्रेरित हो के सरकार बदलाव अउर विकास लेआवे बदे अथक कोसिस कइ रहलि हउवे। आजु ये बिसेस श्रृंखला– सेवा पर्व में हम बता रहल हईं कि मोदी सरकार भारत एआई मिशन के जरिये देस के भविस्य खातिर कइसे तइयार कइ रहलि हउवे। एगो रिपोर्ट–

**आर्टिफिशियल इंटेलिजेंस यानि एआई की क्रांति के माध्यम से आमजन की जीवनचर्या और सोचने समझने के नजरिये में बदलाव आया है। नरेन्द्र मोदी सरकार ने पिछले साल मार्च में दस हजार तीन सौ करोड रूपये की लागत वाले इंडिया एआई मिशन को मजूरी दी थी। भारत, एआई के विकास और इस तकनीक को अपनाने वाले अग्रणी देशों में से एक है। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी ने कहा है कि इस अभियान का उद्देश्य एआई को भारत के लिए उपयोगी बनाना है। विष्णु की रिपोर्ट के साथ, समाचार कक्ष से मैं, मुकेश कुमार बल।**

**********

शारदीय नवरातर के तिसरका दिन्ने आजु प्रदेस भर के सक्तिपीठन अउर दुर्गा मंदिरन में मां भगवती के चंद्रघंटा स्वरूप क पूजा–अर्चना कइल जा रहल हउवे। भोरवें से सरधालु मंदिरन में जा के सर्व मंगल क कामना कइ रहल हवें। येही क्रम में बनारस के चौक चित्रघंटा गली के भगवती मंदिर में दरसन–पूजन अउर अजोध्या के रामकोट के पैकरमा में सरधालु दूर–दूर से पहुंचि रहल हउवें।

**********